



IGICE CA 6


ERIYA



HABAYE UMUGABO
W'UMUNYANTEGE NKE YITWA
AHABU AJA KU BUTEGETSI
BWA ISIRAYERI, IGICE CO MU
BURARUKO BW'UBWAMI (IMYAKA
918 IMBERE YA KRISTO) YABAYE
I SAMARIYA AHANTU HEGEREYE
ABAZIDONIYA. ABAZIDONIYA NI
BARYA BAHIMBAZA BAYARI. AHABU
ATWARA YEZEBERI, UMLUKOBWA
W'UMWE MU BAHEREZI BA BAYARI.



YEZEBERI YARI AZWI
KU BUNYEDINI BWIWE.
YARASUZUGURA IMANA
YA ISIRAYERI HANYUMA
AGASHIRA IMBERE
UGUHIMBAZA BAYARI
MU GIHUGU COSE.



MURONDERE
ABAVUGISHWA BOSE
BA YEHOVA HANYUMA
MUBICE. BAYARI AZOBA
IMANA YACU.

UMWAMI YARI AFISE
UMUKOZI YITWA OBADIYA
YAHIMBAZA YEHOVA.

NTEGEREZA
KURONDERA
ABAVUGISHWA N'IMANA
BOSE NDABABURIRE.

OBADIYA ANYEGEZA
ABAVUGISHWA N'IMANA
100 MW'ISENGA RY'IBUYE
HANYUMA AKAZA
ARABAZANIRA IVYO KURYA
N'IVYO KUNYWA.



1 ABAMI 16:28, 31, 18:4




ARIKO HARIHO UMWE MU
BAVUGISHWA N'IMANA
YAGUMYE ATANYEGEJWE
YITWA ERIYA.



O MWAMI AHABU,
KUBERA WIBAGIYE IMANA Y
ABA SE HANYUMA UGAKURIKIRA
UMUGORE WAVE YEZE BERI MU
GUKORA IKIBI, YEHOVA YAVUZE
KO ATA MVURA MBERE N'IKIME
BIZOSUBIRA KUGARAGARA
KU BUTAKA BW'IGIHUGU CA
ISIRAYERI GUSHIKA JEWE
NDAVYUGURUYE KANDI.


HA, HA! WIBAZA KO
URI UMLUVUGISHWA, NIVYO?
URAZI MFISE ABAVUGISHWA
IBIHUMBI KANDI NTACO BAVUGA
KURI IVYO UVUZE VY'UMWUMIRA.
MURI INO MYAKA HAHEZE IMISI
HARWA IMVURA NYINSHI. WA
MUBESHI WE. MBISA NIGIRE.

AMAPFA ARABANDANYA HAGUHERA ABANTU BARASONZA CANE. BA BAVUGISHWA B'IBINYOMA BATABAZA BAYARI, ARIKO BAYARI NTIYABISHUYE. UMWUMIRA URABANDANYA NTA N'IMARY'IMVURA CANKE IKIME CABONEKA. IMANA IRUNGIKA ERIYA MU NZU Y'UMUPFAKAZI, IMUBWIRA KO AZOMUHA INDARO KANDI YONGERE AMUGABURIRE GUSHIKA UMWUMIRA UHEZE.



URASHOBORA KUNZANIRA AMAZI YO KUNYWA HAMWE N'UMUKATE WO KURYA?

NKUBWIJE UKURI MFISE AGAFU GAKWIYE N'UTUVUTA TWO GUKORA IMIKATE IBIRI GUSA. NAGIRE NDAGAKORESHE NGATEKE KUBW'UMUHUNGU WANJE NAJEWU. TWAGIRE DUFUNGURE TUKARYE HAMA DUCE TWIRYAMIRA DUPFE. NTA VYIZIGIRO BIHARI. IMANA IRIKO IRADUHANA IDUHORA IVYAHA VYACU.




NTUGIRE
UBWOBA.
IMANA IGIYE
KUKWITAHU.

KORA YA MIKATE
WAMBWIRA HANYUMA
UYINZANIRE UBWA MBERE.
HANYUMA WEWE N'UMUHUNGU
WAVE MURAZA GUCA
MUFUNGURA. KUBW'IVYO, YEHOVA
ARAVUZE IMANA YA ISIRAYERI
ITI "IBIGEGA VYAVE HAMWE
N'AMAKARABO USHIRAMWO
AMAVUTA NTIBIZOKWONGERA
KUGARAGARA GUSHIKA UMUSI
IMANA IZOGARUKANA
IMVURA I BWISIRAYERI. "

NUKURI!
HARACARIHO
IFU MU KIGEGA,
N'AMAVUTA
MW'IKARABO!



1ABAMI 17:1. 10-16



**NTIDUSHOBORA
GUSUKA NGO
DUHEZE! AGUMA
AZA!**


**N'IGITANGAZA!
IMANA NI NZIZA.**

**MU KIRINGO C'IMYAKA
ITATU YOSE, UKO
BARI BATATU BARYA
IMIGATE IVUYE MU
KIGEGA KIMWE GUSA.**

UMUSI UMWE, ERIYA
ARAGARUKA KUBARAMUTSA
AZA MURI CA CUMBA ASANGA
WA MUHUNGU YAPFUYE.



YAGIZE
UBUSHUHE
BWINSHI HANYUMA
ACA ARAPFA!



MBEGA
NAKOZE IKI COBA
CARAGLUKOMEREKEJE?
UJE NONE NGAHA KUGIRA
UNYIBUTSE IBIJANYE
N'ICHA CANJE HAMWE
NONEHO N'IMANA YISHE
LUMHUNGU WANJE?


HARACARIHO
IMANA MURI
ISIRAYERI.

OH YEHOVA, REKA
UMUSHAHA W'UYU MWANA
UGARUKE MURI UYU
MUBIRI.





IMANA YUMVA
ISENGESHO RYA ERIYA
HANYUMA IREKURA
UMUSHAHA UGARUKA MU
MUBIRI WA WA MUHUNGU
WARI WAPFUYE.




NDAGUSHIMA
MWAMI MANA,
MANA YA
ABURAHAMU,
ISAKA, NA
YAKOBO. WEWE
GUSA URI
IMANA.

NARI
NAKUBWIYE KO
HARIHO IMANA
MURI ISIRAYERI.

UMUHUNGU
WANJE!

1ABAMI 17:17-24



AMAPFA ARABANDANYA AMARA IMYAKA
ITATU. ABANTU BARASONZA CANE,
ARIKO BABANDANYA BAHIMBAZA
IMANA ITARI YO ARIYO BAYARI.

KUBERA
IKI BAYARI
ITATWUMVA
HANYUMA
IRLUNGIKE
IMVURA?

KUMBURE
BAYARI
N'IKIGIRWAMANA
KITAVUGA. NTA
MATWI GIFISE.

YEZEBERI NA AHABU BATANGURA
KWAGIRIZA ERIYA KUBWA AYO
MAPFA. BARUNGIKA ABASODA
AHANTU HOSE MU GIHUGU NO
MU KIBANO KURONDERA ERIYA.
AMATEGEKO BARI BAHawe KWARI
UKUMWICA BAMUBONYE.



TURLUNGIKIRE
ERIYA. NIMBA
MURIKO
MURAMUNYEGEZA
MURAZA KWICWA.




AHABU. URIKO
URANDONDERA?

NIWEWE
URIKO URAGORA
ISIRAYERI UYITEZA
AMAPFA?

AHUBWO NI WEWE
URIKO URAYIGORA
N'IBIGIRWAMANA VYAWU.
REKA TUGIRE AGAHINYUZA
HAGATI YA BAYARI
NA YEHOVA. ZANA BA
BAVUGISHWA BAWU 850
HANYUMA UBABWIRE
DUHURIRE KU MUSOZI
KARUMERI.

LUVUZE
AGAHINYUZA? EGO
NIVYO. TURAZA
KUHAHURIRA.



HAHEZE IMISI
MIKE, BAHURIRA KU
MUSOZI KARUMERI.

MUZOGENZA RYARI KWAMA
MUTAMBIKIJE? HARI IMANA IMWA
GUSA. NIMBA YEHOVA ARI IMANA,
MUMUHIMBAZA WENYENE. NIMBA
NAHO BAYARI ARI IMANA, MUYIMBAZE.
MUHITEMWO RERO, MUFATE INGINGO.

NDABAHAYE
IGIKORWA MWA
BAVUGISHWA BA BAYARI
TUGIRE AGAHINYUZA.
TURAGIYE KUBONA RERO
IMANA YUKURI.

EGO.
AGAHINYUZA
HAGATI Y'IMANA.
TUGIRE IKI?

MURAZA
GUSENGA
BAYARI WANYU,
NANJE NDASENGA
YEHOVA. IMANA
IZA KWISHURA
MU KURUNGIKA
UMURIRO IZA
KUBA ARIYO
MANA YUKURI
HAMA TURAZA
GUCA DUHITAMWO
TUYIHIMBAZE
YONYENE.
MWEBWE RERO KO
MURI BENSHI REKA
MUTANGURE.

MWUBAKE IGICANIRO CA
BAYARI NANJE NDUBAKA ICA
YEHOVA. TURAZA GUSHIRA INKWI KU
BICANIRO, HAMA DUSHIREKO IKIMAZI
KU GICANIRO, ARIKO NTA MURIRO
TUZA GUSHIRAKO.






O BAYARI,
TWUMVE UNO
MUSI. IKI KIMAZI
TURAKIGUTUYE
KUBW'IZINA RYAWA
RIDASANZWE.




O BAYARI,
URAKOMEYE KANDI
NTUSANZWE.

MWAMIKAZI
W'IJURU, INGO
LUFASHE BAYARI
LINO MUSI.



NIMBA BAYARI
ARI IMANA, NTIRIKO
IRABUMVIRIZA. KUMBURE
IRIKO IRAVUGA BIGATUMA
ITABUMVA, CANKE
YARAFASHE URLUGENDO
BIGASHOBOKA KANDI
UGASANGA
IRASINZIRIYE.

WEWE! HINDURA
AHUBWO.



NUKO BIRI!
IRASINZIRIYE, UKWIYE
KUVUGA CANE KUGIRA
UYIVYURE.

NTIDUHEBE,
BAGABO. KUMBURE
NITWIKEBAGURA
BAYARI BIRAZA
KUYIHIMBARA.


ABAVUGISHWA BA
BAYARI BARACIKA
INTEGE BATANGURA
KWIHENURA HASI,
BIKEBUAGURA IMIBIRI
YABO, BAKOMA
AKARURU KUGIRA
BAYARI IBUMVE.

IYAAAAAIIIIII!

AAAAHAAAA!

YAAAYIIIIYEEE!

NGUHAYE
AMARASO YANJE,
O BAYARI. TWUMVE!
RUNGIKA UMURIRO!
IYEREKANE!



HA, HA! IRABE!
AMASAHA ICENDA ARAHEZE
MUHAMAGARA IMANA ITABISHURA.
IYABA YARI IMANA, NUKURI
YARI GUFATA KANO KARYO
IKIYEREKANA.

LIBU RERO NI
JEWI NSHIKIRIWE.
EGERA MWESE
MURABIRE HAFI IVYO
NGIYE GUKORA.

O BAYARI,
KUBERA IKI
UTISHURA?




KUBERA
IKI ARIKO
YIMBA
IKINOGO
KININI?

AGUMA
ABANDANYA
YIMBA YIZIGIRA
KO UZA KUBA
NK'UMWOBO.

UZA
GUTANGURA
GUSENGA
RYARI? AKA SI
AGAHINYUZA
KO KWIMBA.

GENDA MUZANE
LITUGUNGURU TUNE
TW'AMAZI HAMA
MUDUSUKE KU KIMAZI
NO KU NKWI.


AMAZI?
NTIBIZA KWAKA
NIWABIKANYISHA.



NTIBIRAKANYA
KANDI NEZA.
LINGERAKO UTUNDI
TUGUNGURU TUNE
TW'AMAZI KANDI.

UYU
MUVUGISHWA
N'UMUSAZI. NTAZA
KUBAHO NUKURI
NGO ASHIKANE
AHO IZUBA RIZA
KURENGERA.

YACANGANIKIWE?
KUBERA IKI UMWAMI
YIRIWE ARAREKA
DUKORE IBI?



HA, HA! MBEGA HARI IKINTU KIGOYE IMBERE
Y'IMANA NZIMA? SUKA UBUNDI BUGUNGURU BUNE
BW'AMAZI. MUGIYE KUMENYA KO HARIHO IMANA MURI
ISIRAYERI KANDI KO IZINA RYAYO ATARI BAYARI.

AHABU
AZOKWAMA
YIBUKA IBI.



HAGARARA
INYUMA.

DATA.

MUSUBIRE
INYUMA.



YEHOVA, MANA YA
ABURAHAMU, ISAKA, NA YAKOBO,
REKA UNO MUSI BIMENYEKANE KO
ARI WEWE WENYENE MANA Y'UKURI,
KO NDI UMUKOZI WAVE KANDI KO
IMITIMA YABO UZA KUYIGARURIRA.



VIIIEYIIIIIIIRUUUUMM!

EYIIIIIEYIIICEYIIICEYIIIC!

CAAAAARAYIIICKKKIIIIII!

**AY-
IIIIII!**




**MANA YA
ABURAHAMU!**

**HARASHUSHE
BIRENZE!**

**LIMURIRO
LUVUYE
MW'IJURU!**

UBUFASHA!



IMANA
YA ABURAHAMU
NA ISAKA YISHUYE
IKORESHEJE
LIMURIRO.

LIMURIRO
WATURIYE
IBITANDARA
VY'AMABUYE
N'UMUCAFU!

IYI MANA
NI BWOKO
KI ITABONEKA
HANYUMA IGAKORA
IBINTU NK'IBI?



**OYAA! GIRA
IKIGONGWE!**

MOSE
YADUTEGETSE KO
DUKWIYE GUHIMBAZA YEHOVA
MANA KANDI WENYENE.
YARANADUTEGETSE KANDI
ARATUBWIRA KO HARI IGIHANO
C'URUPFU KU MUNTU WESE WO
MURI ISIRAYERI AZOHIMBAZA
IYINDI MANA.

GLSUBIRA MU VYAGEZWE 17:2-5, 1 ABAMI 18:38-40



**BICE
BOSE!
LIKO BARI
850.**

**ARIKO
NTAVYO
TWARI
TUZI.**

**BAKERERE
BOSE LIBU
NYENE!**

**BA BAVUGISHWA BOSE
BA BAYARI BARICWA.**

O MWAMI URAKENEYE KURYA NO
KUNYWA HAMA UCE WIGIRA MUHIRA.
NDUMVA IMVURA NYINSHI
Y'ISEGENYA IHINDA.




MU KIRINGO C'IMYAKA ITATU N'INUSU, ERIYA YARI YARABWIYE UMWAMI AHABU KO ATA MVURA IZOPFA IGUYE MURI ICO KIRINGO GUSHIKA ERIYA WENYENE AVYUGURUYE. MU GIHE ABAVUGISHWA BA BAYARI BARI BAMAZE GUPFA, ABANTU BOSE BAHINDUKIYE BAGAHIMBAZA IMANA YUKURI, ERIYA ACA ARATEGEKA KANDI IMVURA IRASUBIRA KURWA.



IMVURA NYINSHI IGIYE KURWA INZUZI ZUZURE, ZITANGIRE ABANTU NTIBASHOBORE GUTAHA KUKO ZUZUYE RERO ABANTU BAKWIYE KUGUMA MUHIRA KUGIRA NTIBATWARWE N'UYO MWUZURE.

ERIIYA ASHOBOJWE N'IMANA YIRUKA IMBERE Y'IFARASI NK'URUGENDO RW'IBIROMETERO MIRONGO IBIRI ASUBIRA KU KIRIMBA C'UMWAMI.



NIZERE KO
WISHE URYA
ERIYA. NDABONA
KO BAYARI
ATURLINGIKIYE
IMVURA.

OYA,
MUKUNZI ERIYA
ARI HANZE. YAJE
YIRUKA IMBERE
Y'UMUKOGOTE
AVUYE KU MUSOZI
KARUMERI.


BIRATEYE ISONI KWERI.
NTA NUMWE YOKWIRUKA UKO
IMBERE Y'UMUKOGOTE GURTYO.
ABAHEREZI BA BAYARI BARI HEHE?
DUTEGEREZWA KWIGINA UKUZA
KW'IMVURA.



BOSE
NAMAZE KUBICA.
BARI ABABESHI
N'ABAHEMU.




**WEWE IKI?
KIJUJU! WARI AHUBWO
KWICA ERIYA!**



ARIKO IMANA
YIWE YISHURA
IKORESHEJE UMURIRO.
CARI IGITANGAZA. ABAHEREZI
BACU BOSE BAGARAGAYE
NK'ABADAFISE INKOMEZI.
ABANTU BOSE BACA
BAHINDUKIRIRA
YEHOVA.





ARIKO,
MUKUNZI, IKINDI
USHAKA KO NKORA
N'IGIKI? NATINYE
ABANTU!

WISHE
ABAHEREZI
BANJE.

WA
MUSAZI WE!



NTA GITANGAZA
NA KIMWE KIZA
GUKINGIRA ERIYA
KUBWO LIBURAKE
BWA BAYARI.


NINTICA ERIYA
KUBW'IBI AKOZE,
IMANA ZIZE KUBIKORA
ZONGERE ZIBIKORE.

NTEGEREZA
KUGENDA.



ERIYA YIBAGIRA
KWIZIGIRA UHORAHO,
HANYUMA ACA
ARAHUNGA.

1 ABAMI 19:1-4




MANA
NARAKIRIYE VYOSE
BIKWIYE KUGIRA
MPAGARARE IMBERE
Yawe. NDEKA UBU NIPFIRE
IMBERE YUKO YEZEBERI
AMBONA.

NDAMARAMAYE.
VYANANIYE KUKWIZIGIRA.
NDASANZWE SIMBONA ICO
NDUSHIJE BA DATA BARI
ABANYAVYAHA. NDEKA
NIPFIRE.



ERIYA AHUNGA IMISI
MIRONGO INE, AJA
MU BUGARARARWA,
YINYEGEZE
MW'ISENGA RY'IBUYE.
AZA KU MUSOZI
SINAYI WA MUSOZI
MOSE YAHERERWAKO
IVYAGEZWE CUMI.
AHO NYENE IMANA
ICA IRAMUVUGISHA.



**ERIYA, URIKO
LIKORA IKI
NGAHA?**

**BOSE
AMATEGEKO YAWE
BAYAHEVYE KIRETSE
JWE. ABAVUGISHWA
BAWE BOSE BAMAZE
KWICWA. NI JWE
JENYENE NSIGAYE
NGUHIMBAZA KANDI
NANJE BARIKO
BARANDONDERA.**

**GENDA
UHAGARARE KU
MUSOZI IMBERE
Y'UMWAMI MANA.**

MU GIHE ERIYA
YARI AHAGAZE KU
MUSOZI IMBERE
Y'UMWAMI MANA,
HAZA UMWUYAGA
UKAZE, ARIKO
IMANA NTIYARI
MURI UYO MWUYAGA.

HANYUMA HAZA
NYAMUGIGIMA, ARIKO
IMANA NTIYARI MURI
IYO NYAMUGIGIMA.

MU MPERA HAZA
UMURIRO UVUYE
MW'IJURU ARIKO
IMANA NTIYARI MURI
UWO MURIRO.

IMANA YARIKO ISHAKA
KWEREKANA KO ITUJE ITAZA
ITERENA UBWOBA NKA YEZEBERI.




IGIHE RERO UMUYAGA, NYAMUGIGIMA HAMWE
N'UMURIRO VYAHAGARARA, ERIYA ACA YUMVA
IMANA ITANGUYE KUVUGA BUHOROBUHORO
N'AKAJWI GATOYA KAGUMAHO. ICA IMUBAZA
ERIYA CA KIBAZO YAMUBAZA MBERE.

*ERIYA, URIKO
UKORA IKI
NGAHO?*

ERIYA NGAHA NTACO
YARI BWIGE. YARI
ACIYUMVIYE IMBABAZI
HANYUMA ACA YISHURA
IMANA NKUKO
YAYISHUYE MBERE.

BOSE
BAHEVYE AMATEGEKO
YAWE KIRETSE JEWI.
ABAVUGISHWA BAWI
BOSE BISHWE. NI JEWI
JENYENE NSIGAYE
NGUHIMBAZA KANDI
NANJE BARIKO
BARANDONDERA.





**SAWA, NIMBA LIBONA
KO BIRI UKO, GENDA
USIGE AMAVLITA ERISHA
AFATE IKIBANZA CAWE
NK'UMLUVUGISHWA
WANJE.**

**KANDI NUKO UTARI
LIBIZI, HARIHO ABANTU 7
000 BATARIGERA BUNAMIRA
IGISHUSHANYO CA BAYARI KANDI
BATARIGERA BASOMAGURA
IBIRENGE VYACO. UBU RERO
SUBIRA MU NZIRA Yawe,
UMLURYANGO WA AHABU UGIYE
GUPFA.**




ERIYA ACA ABONA
ERISHA MU NDIMIRO
ARI KUMWE
N'IBITUNGWA
VYIWE ACA
AMUSIGA AMAVUTA
NK'UMUVUGISHWA.

UMWAMI
MANA YAVUZE
KO UGIYE KUBA
UMUVUGISHWA
WAYO.

NGIYE
GUSHIKANA INKA
ZANJE KU MANA HAMA
NCE NGUKURIKIRA
LUBU NYENE.

NEZA NA NEZA IRUHANDE
Y'IKIRIMBA CA AHABU,
HARIHO UMURIMA
W'INZABIBU WA NABOTI.
AHABU YARAKUNDA
KURABIRA MW'IDIRISHA
UWO MURIMA AKAWUSHIMA
AKIPFUZA KO NONEHO
UWO MURIMA WOBA
RWIWE. UKO YAWIYUMVIRA,
NIKO YAWUSHAKA.
ICAGEZWE KIRAVUGA KO
"TUTEMEREWE KWIPFUZA
IVYA BAGENZI BACU.
"ARIKO AHABU IVYO VYA
YEHOVA NTIYAVYITAHU.






AHABU YARI AFISE
AMAHERA MENSHI
HANYUMA ACA
AFATA INGINGO
YO KUGURA UWO
MURIMA W'INZABIBU.

GURISHA UYU
MURIMA W'INZABIBU
KURI JEWE. UREGEREYE
INZU YANJE, HANYUMA
NZOCA NGUHA UYUNDI
MU KINDI KIBANZA
ATARI NGAHA.

IMANA NTISHOBORA
KWEMERA IKINTU NKICO.

IRI TONGO RYAMYE ARI
IRY'UMURYANGO HARAHEZE
IMYAKA 500. IBWIRIZWA
RIDUTEGEKA KUTAGURISHA
ITONGO NGO TURIHE
UMUNTU ATARI UWO MU
MURYANGO.





MBWIRA
MUKUNZI
WANJE, KUBERA
IKI UDAFUNGURA?
URASHAVUYE
CANE?

KUBERA
NABOTI YANSE
KUGURISHA
UMURIMA W'INZABIBU
NGO AWUMPE
NDAWUMUGURIRE.

KUVAYO 20:17,
1 ABAMI 21:1-7



URI UMWAMI.
URAFISE UBUSHOBOZI
BWO GUKORA IKINTU COSE
KIGUHIMBARA. NTUKAREKE NGO
UMUNYAGIHUGU WO HASI ATUME
UMUNEZERO WAVE UGENDA.
UMURIMA W'INZABIBU JEWE
NGIYE KUWUGUSHIKIRIZA.



NZOBARIHA
AYANDI NIMWAHEZA
IGIKORWA. ARIKO UBU MUGUME
MUNUMYE NIMBA MUDASHAKA
KO NDEKA KUBONGERA
AYANDI.

ICAGEZWE CA MOSE
KIVUGA GITI "NTUKAGIRIZE
IKINYOMA MUGENZI CANKE
LUMUBANYI WAVE. "






HARYA.
NURYA
NYENE.

EGO, YAVUZE
NGO UMWAMI
ATEGEREZA GUPFA.

KANDI YAVUZE
NGO IMANA
IRUNGIKE ABABI
BAFATE UMWAMI.

RERO,
AKWIYE
GUPFA.

BARAMUTWARA NABOTI
HANYUMA BARAMWICA.




RERO
MUKUNZI.
UBU UMURIMA
W'INZABIBU
URAWUFISE.
NTUSHOBORA
GUTERA IMBERE
MURI IYI SI
URI UMUNTU
AFISE IMPUHWE
NYINSHI.
ABAKORESHA
IGIKENYE NIBO
BABAHO.


N'UMURIMA
MWIZA. SIVYO?
URAMBEREYE NARI
NDAWUKENEYE.
SUKO?

KUVAYO 20:16, 1
ABAMI 21:10-16

YEZEBERI YARI AZI KO IMANA YIWE
BAYARI IDAFISE AMASO NGO IBONE
ARIKO MW'IJURU HARIYO IMANA IBONA
IGIKORWA COSE KANDI ITIBAGIRA.



**ERIYA, AHABU
YASHIKIRIYE
LUMURIMA
W'UMUZABIBU WA
NAYOTI MU MANYANGA.
GENDA HANYUMA
LUMUSANGEHO.
LUMBWIRE AYA
MAJAMBO YANJE.**




AHABU, IMANA
YAMBWIYE NGO
NDAKUBWIRE KO WISHE
UMUNTU ATA KIBI YAKOZE HAMA
UCA UMUTWARA ITONGO RYIWE.
KUBW'IVYO HAMWE N'IBINDI
VYAHA WARI UFISE, HARYA
NYENE IMBWA ZANUNURIJE
AMARASO YA NABOTI NIHO
ZIGIYE KUNUNURIZA
AMARASO Yawe.

MBEGA
ABANSI BANJE
BAZONSANGA
NGAHA?

NTUSHOBORA
KWINYEGEZA
IMANA. KUBERA
WAGURISHIJE
UMUSHAHA
WAVE UWUGUZA
N'ITUNGA,
IMANA IGIYE
KUZANA IKIBI
MU MURYANGO
WAVE. ABANA
BAWE BOSE
HAMWE N'ABANTU
BOSE BO MU
MURYANGO WAVE
BAGIYE GUPFA
N'ABANA BATO.




WASOTOYE
IMANA NONE
YASHAVUYE. IMBWA
ZIZORIRA YEZEBERI KU
RUHOME RW'INZU YAVE.
UMUNTU WESE WO MU
MURYANGO WAVE IGIHE
AZOPFA, IMBWA ZIZORYA
UMUBIRI WIWE. APFIRIYE
NK'AHANTU MU MURIMA
CANKE KU BUTAKA
INYO ZIZORYA UMUBIRI
WIWE. NTA MUNTU
N'UMWE MU BIWANYU
AZOHAMBANWA
ITEKA.



IRI
N'IJAMBO
RY'UMWAMI
MANA.
LIGIYE
KUBIBONA
BIBA.

YEMWE,
NGIRE
NTANGURE
NSHIKANIRE
IBIMAZI
YEHOVA.



IBINTU VYOSE
ERIYA YAVUZE
BIGIYE GUSHIKA.


AHABU ASHIKANIRA
IKIMAZI YEHOVA
ARIKO NTIYABIKOZE
N'UMUTIMA
WEJEJWE.



INYUMA Y'IGIHE GITO, BA
BAVUGISHWA B'IBINYOMA
BAHANURA UMWAMI KU
KIBAZO C'IGISODA.

HAGURUKA
UGENDE URWANE
I RAMOTH GILEAD
HAMA IMANA IRAZA
KUGUHA INTSINZI
IDASANZWE.

MBE
BAVUGISHWA BOSE
MURAVYEMEJE?




MWAMI AHABU, YEHOVA YAMBWIYE.
URAGIYE I RAMOTH GILEAD KANDI
URAZA KWICWA MU RUGAMBA.

REKA KWUMVIRIZA
WONGERA WITAHO
AMAJAMBO YA MIKAYI. SIWE
MUVUGISHWA WENYENE WA
YEHOVA. HARI ABAVUGISHWA
400 BAVUZE KO HAGIYE KUBA
UBUTUNZI BUKOMEYE HAMWE
N'ITERAMBERE I RAMOTH
GILEAD.

NDANKA MIKAYI MU
BINTU VYOSE AVUGA NTA
GUSHOBOKA KWAVYO
ASHIRAMWO.


MWAMI AHABU, WARAKOZE IKIBI MU
MASO Y'IMANA. URIKO URONDERA
LUBUVUGISHWA KU BAVUGISHWA B'IBINYOMA
BISHAKIRA AMAHERA GUSA IYO BARIKO
BARAVUGISHWA. BAVUGA LUBUTUMWA
BW'IBINYOMA.






NABONYE IMANA YICAYE KU NTEBE Y'INGANJI,
KANDI N'ABAMARAYIKA BOSE BO MW'IJURU BARI
BAHAGAZE IMBERE YAYO. IMANA IRABAZA ITI:"
KUVA ERIYA ABWIYE AHABU KO AGIYE GUPFA,
AHABU YARIRINZE GUSUBIRA MU NZIRA Y'IKIBI.
YATEGEREZWA KWEMEZWA KUJA KU RUGAMBA.
NI NDE YOTUMA AHABU YEMEZWA KUJA KU
RUGAMBA KANDI AHO NYENE AZOCA
YICWA.

HAMA UMWE YAVUZE
IBI UWUNDI AVUGA NGO
VUGA IBI. INYUMA YO
KUBIHARIRAKO UMWE
MU BAMARAYIKA YACIYE
YEGERA IMBERE ACA
ARAVUGA.




NDAFISE
ICIYUMVIRO GISHOBORA
GUKORA. NZOGENDA MBE
NK'IMPWEMU IBESHA
MU MINWA Y'ABARYA
BAVLUGISHWA B'IBINYOMA.
NZOBABWIRA MBATEGEKE
BABWIRE AHABU AJE KU
RUGAMBA.

**IKI CIYUMVIRO NICO.
BAZOVUGISHWA BAVUGE KO
AZOHARONKERA INTSINZI,
ARIKO NIYAMARA GUSHIKA KU
RUGAMBA, NZOBA NAMAZE
KUMURONKA YAPFLYE. NI
MUGENDE, RERO!**




URIBAZA KO
IMPWEMU YA
YEHOVA YANDETSE
HANYUMA IVUGISHA
WEWE?

PAAAA!




LIZOMENYA UWUFISE
IMPWEMU YA YEHOVA
UMUSI UZOBA URI WENYENE
MU CUMBA WINYEGEJE
WATINYE IBIJANYE
N'UBUZIMA.

IBI NAVYO N'IBIKI,
UBUNDI BUUVUGISHWA?
HA!



LIYU MUNTU MUMUSHIRE
MW'IBOHERO KANDI
MUMUGUMIZEYO ARI MUZIMA
GUSHIKA NGARUTSE MVUYE
KU RUGAMBA. HANYUMA
TUZOCA TUMWICA.

NIWAVA KU RUGAMBA
URI MUZIMA NZOBA NDI
UMUVUGISHWA W'IBINYOMA
AHO RERO NZOBA MBEREYE
GUPFA.



IKI
CIYUMVIRO
CARI CIZA,
WIHINDURE WIGIRE
NK'UMUSODA
ASANZWE.
NTIBAZIGERA
BAMENYA KO URI
UMWAMI KANDI
ABAGABO BACU
BAKORA NEZA. SI
JEWE NZOBONA
NDABONYE URYA
MUVUGISHWA
NIWAGARUKA
URI MUZIMA.


EGO IKI
KIZONKINGIRA
IMYAMPI YOSE.

1 ABAMI 22:24-30


LIMUSODA ARARASA UMWAMPI MU KIRERE, ATA
MUNTU N'UMWA ARABISHAKO, GUSA YIZERA
KO AGIYE KURASA UMWE MU BANSI BIWE.











FEEEEEE!

N'IBIKI?


YIIII!





NYARUTSA,
KIRIKO
KIRAVA NABI
UKUNTU.

UNAMA!



MFISE
LIBWOBA
YAPFLUYE.

LIMWAMPI
WATUMBEREYE
AHANTU HATARI
HAKINGIYE. NDIBAZA KO
CARI IGIHE CIWE CO
GUPFA.

**OYA,
MANA!**

UMUBIRI WIWE
MUWUSHIRE MU
MURIMA W'INZABIBU
WA NABOTI GUSHIKA
TURONSE AKANYA
KO KUBIKORERAKO
NEZA.






NKUKO ERIYA YABIVUZE, IMBWA ZANUNUJE AMARASO YA AHABU MUSI Y'IDIRISHA RYA YEZEBERI. NIWE YARI ABATANGURIYE MU MURYANGO, ABANDI BAGIYE GUKURIKIRA.

INYUMA YO GUHANAGURA
AMARASO MU GITWAZI CA
AHABU, ABASODA BACA
BASUBIRA KU KIRIMBA.

UMWAMI AHABU
ARI HEHE? ARIKO
ARIGINA INTSINZI
YIWE?



1 ABAMI 22:37-38,
2 ABAMI 9:8-10



WA MUSAZI WE! NTURI
UMUVUGISHWA W'IMANA. URI
UMUBESHI! AHABU YAMAZE GUPFA
NKUKO UMUVUGISHWA MIKAYI
YABIVUZE.

VYOSHOBOKA
GUTE KO BOSE
BAVUZE BAKONGERA
BAKEMEZA KO
AZOGARUKA AKAVA KU
RUGAMBA ATAHANYE
INTSINZI.

OYA SIVYO.
S'URYA MIKAYI MWAKUBISE
MUKONGERA MUGASHIRA
MW'IBOHERO. ABANTU
NIBABLUMVA BARABAMARA.



URIDEGEMVYA
NUGENDE. AHABU
YAPFLUYE.

EGO NDABIZI, KANDI
SINKEKERANYA KO IMBWA
ZANUNUJE AMARASO YIWE
NKUKO IMANA YABIVUZE.
YEZEBERI NIWE AGIYE
GUKURIKIRA KANDI IBIJANYE
NA AHABU VYOSE IMANA
YARI YARABIVUZE.



NTEGEREZWA
KWINYEGEZA.

OYA! MIKAYI YARI YARAVUZE
KO NZOMENYA UWUFISE MPWEMU
W'IMANA GUSHIKA UMUSI
NZOKWINEGEZA MU KUMBA
GATOYI INDANI MU NZU.



ABAHUNGU BA AHABU BAJA KU BUTEGETSI MU KIBANZA CA SE, HAMA HAHERA IMYAKA CUMI N'IBIRI YEZEBERI ARIHO NK'UMWAMIKAZI. ISIRAYERI IBANDANYA IHIMBAZA IMANA ZITARI ZO YONGERA IREKA KWUMVIRA IVYAGEZWE VY'IMANA.



IMANA HARI IKINTU YAVUZE KU BIJANYE KU NZU YA AHABU KIBI. IGIHE CAGEZE. ABANTU BOSE BO MU MURYANGO WA AHABU BAGIYE GUPFA, MBERE N'ABANA BATO. NTA NUMWE AZOSIGARA ARI MUZIMA. YEZEBERI AZORIBWA N'IMBWA KANDI NTA NUMWE AZOMUGANDARIRA YONGERE AMUHAMBE.

HAHEZE IMYAKA
CUMI N'IBIRI.

NTEGEREZA
KWIKORA MU MASO
KUGIRA NZE GUKURURA
IGISONGEREZI JEHU
AVUYE KU RUGAMBA.



2 ABAMI 9:30

NTEGEREZWA
GUHAGARARA
NGAHA KUGIRA
BABONA KO ARI
JWE NDABIRI
INYUMA.



**NI NDE
ARI KU
RUHANDE
RWANJE?**





**TURI
KUMWE NAWA,
GISONGEREZI.**

**HANYUMA
REKURIRA
YEZEBERI HASI.**

**NTUSHOBORA
GUKORA IBI. NDI
UMWAMIKAZI.**



2 ABAMI 9:32-33



**REKA
IKIZIGA
KIGLUME
AHO.**

IMBWA ZIRYA YEZEBERI
ZINUNUZA AMARASO YIWE
HAHANDI NYENE ZANUNURIZA
AMARASO Y'UMUGABO WIWE.
KURYA NYENE UMUVUGISHWA
W'IMANA YAVUZE.




ARIKO IMBWA NTIZIGEZE ZIRYA
IBIGANZA VYIWE BICAFUYE
VYAKOZE IBIBI VYINSHI.

NKUKO ABAVUGISHWA
BAVUZE, ABASIGAYE
BO MU MURYANGO WA
AHABU NK'ABANA BIWE
BISHWE N'ABANTU BO MU
GISAGARA GUSHIKA AHO
ATA NUMWE YASIGAYE.

ABAPFIRIYE MU MIRIMA BARIWE N'INYO,
HAMA ABAPFIRIYE MU GISAGARA BARIBWA
N'IMBWA. NTA CASIGARA CO GUHAMBWA.
VYUKURI INGERO Y'ICAHU N'URUPFU.




MU GIHE ERIYA YARIKO
ARASENGA, ABAVUGISHWA
B'IMYABAGA BAZA KWA
ERISHA GUTANGA LIBUTUMWA.




IMANA YARI
YAVUGISHIJE BAMWE MURI
ABO BAVUGISHWA. MBEGA
URAZI KO UNO MUSI SOBOJA
WAVE ERIYA AZA GUTWARWA
MW'IJURU?

EGO,
NANJE IMANA
YABIMBWIYE,
ARIKO WINUMIRE
NTIHAGIRE ICO
LIZA KUVUGA.




ERISHA,
UGUME NGAHA.
NGIYE GUFATA
URUGENDO
MANUKE NJA I
YERIKO.

MU GIHE IMANA
IZOBA IKIRIHO, NTUZOVA
MU NYONGA ZANJE. NZOJA
IYO UZOJA.




MBEGA URAZI KO
SHEBUJA WAVE ERIYA AZA
GUTWARWA MW'IJURU UNO
MUSI?

EGO, NDABIZI.
ARIKO MURI AKA
KANYA NTUTUGORE.
VYIGUMIZEMWO.
SINKENEYE KO AJA AHO
NTAMUBONA.



GUMA NGAHA I
YERIKO. NTEGEREZA
GUFATA URUGENDO
RUTO NJE KU RUZI
YORODANI.

MU GIHE
IMANA IZOBA
IKIRIHO, NAWA UKIRIHO,
SINZOKUVA INYUMA.



BA
BAVUGISHWA
B'IMIYABAGA
BARACADUKURIKIRA
KANDI.

NI GUTE
TUZA KUJABUKA
URUZI UNO MUSI?
RURUZUYE UNO
MUSI.

AHANTU
HUMYE.

SHIII!


WABIBONYE?
AMAZI
YABABISHIJE
KUGIRA
BARENGANE.

AAAAA!

EGO,
NKA
KURYA
VYABAYE
KURI
MOSE.

IYO NSIBA UNO
MUSI NKAHOMBA
IBI KUBERA
IKINTU ICO ARICO
COSE VYARI
KUMBABAZA.

**NARI NIPFUZA KO
ABAVUGISHWA BA
BAYARI BABONA IBI.**



NI IKIHE KINTU
WIPFUZA KO
NGUKORERA
IMBERE YUKO
NGENDA?

LUNSAVYE
IKINTU KIGOYE,
ARIKO BIRAZA
GUKOREKA IGIHE UZA
KUMBONA NTWAWWE
MW'IJURU.

MPA
UMUGABANE
URWIJE KABIRI
WA MPWEMU
W'IMANA ARI
KURI WEWE.

2 ABAMI 2:8-11



**LIMUKOGOTE
W'IMANA!**

AGASHURURU!


ROOOO!



UMUKOGOTE
W'UMURIRO
UTANDUKANYA
ERIYA NA ERISHA.



ERIYA AJANWA
MW'IJURU MU
GASHURURU.

A man with a shaved head, wearing a blue head covering with a fringed edge and a brown robe, is kneeling on the ground in a desert landscape. He is looking down with a somber expression. The background shows a blue sky and dark, rocky terrain.

HANYUMA VYOSE BICA
BIRATUZA. ERIYA YARI
YAMAZE GUSHIKA MU
BWIZA BW'IMANA.

MU BINTU
VYOSE VYARI
BISIGAYE WARI
LUMUTAMANA WIWE.
NIWE YAKORESHA
KUGIRA AGABURE
AMAZI.

A comic book panel depicting a scene in a mountainous landscape. In the foreground, a man with a beard, wearing a brown tunic and a blue shawl with fringes, stands with his arms raised, holding a red cloth. In the background, a group of people in blue robes stands on a grassy bank near a river. The scene is set against a backdrop of rugged mountains under a clear blue sky.

IMANA
YA ERIYA IRI
HEHE?



**IMPWEMU
YA ERIYA IRI KURI
ERISHA.**

WOOP!

**MUGABO,
LIYU MUSI
NIWO!**



ERISHA ARAGENDA AKORA
IBIHETANGABO BIBIRI
IVYO ERIYA YAKORA. YARI
UMWIZIGIRWA KU MANA, ARIKO
ABANTU NTIBAHINDUKIRIYE
RWOSE BURUNDU IVYO
GUSENGA IBIGIRWAMANA.

ERIYA
YAGIYE HEHE?

**DUTEGEREZA
KUJA
KUMURONDERA!**

NTIBIKENEWE.
YAGIYE
MW'IJURU.



<https://goodandevilbook.com/>